

PURWAKA

Ngaturaken puji syukur dumateng Allah SWT ingkang sampun maringi hidayah saha inayahipun kagem penulis saengga penulis saged ngrampungaken makalah “Warna-werninipun Ukara”. Penulis uga ngaturaken maturuwun dumateng Ibu Sri Sukasih, M.Pd ingkang sampun maringi bimbingan

Wonten makalah punika penulis nyariosaken babagan warna-werninipun ingkang dipun perang miturut wangun ukaranipun, miturut langsung orane, lan miturut tindakanipun.

Penulis ing mriki bilih makalah punika taksih kathah kuciwa utawi kekuranganipun, nanging penulis pitados bilih panjenengan tamtu kersa paring panyaruwe utawi paring pitedah tumrap sampurnaning makalah punika. Pramila sanget ing pangajeng-ajeng penulis saha sadaya kala wau saged tampi kanthi suka bingahing manah.

Penulis

WARNA-WERNINIPUN UKARA

Ukara yaiku rangkaian tembung kang nyatakake gagasan, pikiran awujud katrangan, pitakon, panjaluk utawa maksud liyane. Tata ukara bisa diprinci utawa disilah miturut tindakan jejer lan wasesa, miturut wangun ukara lan miturut wedharing gagasan.

Pérangan ukara miturut langsung orané :

1. Ukara kandha (kalimat langsung)

Ukara langsung inggih menika ukara ingkang diucapaken kanthi langsung dening tiyang kalih utawi luwih.

Tuladha :

Budi : “kowe arep menyang ngendi, Rat ?”

Ratna : “Aku arep menyang pasar, Bud. Opo kowe arep titip ?”

2. Ukara carita (kalimat tak langsung/berita)

Ukara carita inggih menika ukara kang diucapaken kanthi mboten langsung ketemu utawi ukara kang nyampekake berita kang sifate maringi informasi.

Tuladha :

- Dhèwèké kandha yen Ratna arep lunga menyang pasar.

Pérangan ukara miturut tindakané :

Silah-silahing ukara miturut tindakan jejer marang wasesa lan wasesa marang lesan, dibedakake kaya ing ngisor iki:

1. Ukara tanduk (kalimat aktif)

Ukara tanduk inggih menika ukara kang jejere dikenani penggawean.

Tuladha :

- Ki Walang dhahar sega lawuhan endog. (Ki Walang makan nasi dengan lauk telur). -

Aku budhal menyang sekolah numpak sepédah. (Saya berangkat ke sekolah naik

sepedah). - Tanggaku bengak-bengok saka njaba pager. (Tetangga saya berteriak-teriak

dari luar pagar.)

2. Ukara tanggap (kalimat pasif)

Ukara tanggap (kalimat pasif) Tuladha (contoh): - Adhiku ditambahi Pak Dokter. (Adik saya diobati Pak Dokter) - Pelemé wis dientèkaké Ki Walang . (Mangganya sudah dihabiskan Ki Walang) - Yu Pita diwènèhi klambi papat. (Yu Pita diberi baju empat helai)

Wangun ukara

Dene yen dideleng saka wangun ukara (ganep orane) diperang dadi telu, yakuwi:

1. Ukara ganep, utawa ukara lamba (kalimat lengkap)

Ukara ganep sakedhikipun kedah wonten jejer lan wasésanipun, sok ugi wonten katranganipun.

Tuladha:

- Saidi mlaku
- Bocah nakal kaé dolan mrénê.

2. Ukara ora ganep (kalimat tidak lengkap)

Ukara boten ganep (ukara gothang) kapérang:

a. gothang jejeripun.

- rénéya sedhéla baé !
- Tukokna rokok !

b. gothang wasésanipun:

- Sajaké Simin !
- Dudu Adiku !

c. gothang jejer lan wasésanipun:

- Kala wingi !
- isih loro !
- Ora !

3. Ukara rangkep (kalimat majemuk)

Ukara rangkep inggih punika ukara ingkang panjang kadadosan saking kalih ukara lamba utawi langkung.

Ukara rangkep kapérang malih:

- a. Ukara rangkep sadrajad

Tuladha:

- Aku nulis, adiku maca buku, simbok olah olah,
- b. Ukara rangkep raketan.

Tuladha:

- Aku sinau Basa Jawa, Matematika, lan Fisika
- c. Ukara rangkep tundha.

Wonten ing salebeting ukara tundha wonten baboning ukara, inggih punika ukara ingkang dados undheraning gineman lan wonten gatrani pun (anak kalimat).

Tuladha:

- Bapak dhahar roti nalika aku teka.

Miturut Wedharing Gagasan:

1. Ukara crita (kalimat berita)
2. Ukara pitakon (kalimat tanya)
3. Ukara pakon (kalimat perintah)
4. Ukara pangajak (kalimat ajakan)
5. Ukara panjaluk (kalimat permintaan)
6. Ukara pangarep-arep (kalimat harapan)
7. Ukara upama (kalimat perumpamaan)